# ART MEDIAǴA QÁNIGELESKEN TELKANALLAR

**Orazov Abdiqadir** – *Keńes xatkeri*
Abdiqadirorazov3@gmail.com
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

# ТЕЛЕКАНАЛЫ, СПЕЦИАЛИЗИРУЮЩИЕСЯ НА АРТ МЕДИА

**Оразов Абдикадир** – *Секретарь Совета*
*Нукусского филиала Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# ART MEDIA TV CHANNELS

**Orazov Abdiqadir** – *Secretary of the Council*
*Nukus branch of the Uzbek State Institute of Arts and Culture*

**Tayanısh sózler:** art jurnalistika, art-media, «Madaniyat va ma'rifat», «Navo» hám «Kinoteatr», jámiyetlik pikir.

**Rezyume.** Maqalada art-mediaǵa qánigelesken telekanallardıń art-jurnalistika koncepciyası hám jámiettiń estetikalıq talǵamın qáliplestiriw, mádeniy qádiriyatlardı úgit-násiyatlawdaǵı ornı haqqında sóz baradı. “Mádeniyat hám aǵartıwshılıq”, “Navo”, “Kinoteatr” telekanallarınıń mádeniy-aǵartıwshılıq jumıslar, muzıkalıq hám kino ónimlerin úgit-násiyatlawdaǵı ornı atap ótildi.

**Ключевые слова:** арт-журналистика, арт-медиа, «Культура и просвещение», «Наво» и «Кинотеатр» общественное мнение.

**Резюме.** В статье обсуждается роль телеканалов, специализирующихся на арт-медиа, в формировании концепции арт-журналистики и эстетического вкуса общества, а также в продвижении культурных ценностей. Отмечается роль телеканалов «Маданият ва маърифат,» «Наво» и «Кинотеатр» в продвижении культурно-просветительской работы, музыкальных и кинопроизводств.

**Key words:** art journalism, art media, «Culture and Enlightenment», «Navo» and «Cinema», public opinion.

**Summary.** The article discusses the role of TV channels specializing in art media in shaping the concept of art journalism and the aesthetic sensibility of society, as well as promoting cultural values. The current role of the «Madaniyat va ma'rifat», «Navo» and «Kinoteatr» television channels in promoting cultural and educational work, as well as musical and film productions, is noted.

**KIRISIW.** Art-jurnalistika – bul mádeniyat hám kórkem óner tarawın sáwlelendiretuǵın medianıń qánigelesken baǵdarı bolıp tabıladı. Ol dóretiwshiler menen auditoriya arasında baylanıstırıwshı wazıypanı atqarıp, jámiyettiń estetikalıq talǵamın qáliplestiredi hám jańa mádeniy qádiriyatlardı úgit-násiyatlap baradı.

Televidenie jámiyet turmısında ayrıqsha áhmiyetke iye bolıp, ol xalıqqa siyasiy, sociallıq, ekonomikalıq, mádeniy-aǵartıwshılıq baǵdarındaǵı jumıslardı tásirsheń usılda jetkerip beretuǵın kommunikaciya qurallarınan biri bolıp esaplanadı. Art mediaǵa qánigelesken telkanallar bolsa tamashagóylerge tek ǵana kewil ashar baǵdarlamalardı usınıp qoymastan belgili xudojnik hám dramaturglerdiń shıǵarmaları, sonday-aq, muzıka, teatr, kino dóretpelerin talqılap, jámiyette mádeniy bilim hám kónlikpelerdi payda etiwde xızmet etip keledi.

**USILLAR.** Bul ilimiy maqala temasın sáwlelendiriwde elimizde kórkem óner hám mádeniyat tarawına qánigelesken telekanallar jumısı talqılanadı. Izertlew jumısında Mádeniy aǵartıwshılıq baǵdarındaǵı jumıslardı úgit-násiyatlawda «Madaniyat va ma'rifat» telekanalı, muzıkalıq dóretpelerdi keń auditoriyaǵa jetkeriwde «Navo» telekanalı, sonday-aq, kino kórkem shıǵarmaların sáwlelendiriwde «Kinoteatr» telekanallarınıń búgingi kúndegi xızmeti atap ótiledi.

## NÁTIYJE HÁM TALQÍLAWLAR

«Madaniyat va ma'rifat» telekanalı elimizde mádeniyat, ilim hám mádeniy-ruwxıy qádiriyatlardı rawajlandırıwda óz úlesin qosıp kelmekte. Telekanal Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2012-jıl 30-iyulda qabıl etilgen qararı tiykarında shólkemlestirilgen. Usı qararǵa muwapıq, telekanal 2013-jıl 1-yanvardan baslap óz baǵdarlamaların efir arqalı tamashagóylerge jetkize basladı. Telekanaldıń payda bolıwı elimizdiń mádeniy hám ruwxıy turmısın bayıtıwǵa, xalqımızdıń mádeniy bilim dárejesin arttırıwǵa xızmet etiw maqsetinde shólkemlesirilgen. [1]

Telekanal qısqa waqıt ishinde tele tamashagóylerdiń kewlinen orın alıp, elimizdiń mádeniy-aǵartıwshılıq turmısında óz ornın taptı. Onıń efir waqıtı 24 saat dawam etip, elimizdiń barlıq aymaqların qamtıydı. Baǵdarlamalar kórermenlerdiń jası, qızıǵıwshılıǵı hám kásibine qaramastan xalıqtıń barlıq qatlamına arnalǵan. Telekanal hár bir waqıya hám temanı

sáwlelendiriwde xalıqtıń milliy mentaliteti, qádiriyatları hám ádep-ikramlılıq qağıydaların esapqa aladı. Sol sebepli, telekanal zıyalılar, mádeniyat hám kórkem óner wákilleri tárepinen joqarı bahalanıp kelinedi.

Telekanal quramında birneshe arnawlı redaksiyalar jumıs alıp baradı. «Málimleme-tallaw bağdarlamaları» redaksiyası elimiz hám dúnyada júz berip atırğan mádeniy waqıyalar haqqında operativ mağlıwmat berip, ilim, bilimlendiriw hám kórkem óner tarawlarındağı jańalıqlardı sáwlelendiredi. «Mádeniy-kórkem bağdarlamalar» redaksiyası bolsa ádebiyat, muzıka, kórkem óner hám festival, seminar, kórgizbeler haqqında telekórsetiwler tayarlaydı, belgili dóretiwshilerdiń jumısın tanıstıradı. Sonday-aq, «Ruwxıy-ağartıwshılıq bağdarlamalar» redaksiyası bolsa xalıqtıń bilim hám mádeniy dárejesin arttırıwğa qaratılğan bağdarlamalardı tayarlaydı, bilimlendiriw tarawındağı reformalar haqqında kórsetiwlerdi uzatıp baradı.

Bunnan tısqarı, «Ilimiy-ağartıwshılıq bağdarlamalar» redaksiyası xalqımızdıń bay tariyxıy hám mádeniy miyrasın sáwlelendiriw, ullı ata-babalarımızdıń dúnya sivilizaciyasına qosqan úlesin keń sáwlelendirip baradı. Al «Kino, videoónimler hám operativ dublyaj» redaksiyası bolsa milliy hám jáhán kino ónimlerin efirge tayarlap, sırt el filmlerin milliy mentalitetke say dublyaj etip tamashagóylerge uzatıp keledi.

Elimizde muzıkalıq mádeniyattı rawajlandırıw, milliy hám jáhán muzıka miyrasın keńnen en jaydırıw, jaslardıń ruwxıy hám estetikalıq talğamın jetilistiriwde «Navo» telekanalı áhmiyetli rol atqarıp kelmekte. Telekanal Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jıl 17-dekabrde qabıl etilgen qararı tiykarında shólkemlestirilgen. Qararğa muwapıq, telekanal «Yoshlar» teleradiokanalı janında jańa muzıkalıq telekanal sıpatında shólkemlestirildi. [2]

«Navo» telekanalı xalıqtı jáhán hám ózbek klassikalıq muzıkası, zamanagóy estrada kórkem óneriniń eń jaqsı úlgileri menen tanıstırıp baradı. Telekanaldıń efir waqıtı 24 saat bolıp, teletamashagóylerge túrli muzıkalıq bağdarlamalardı usınıp baradı. Bağdarlamalar arasında «Umıtılmas namalar», «Milliy miyras», «Máńgi namalar», «Janğa jaqın qosıqlar» hám «Klassikalıq nama» sıyaqlı kórsetiwler bar. Bul bağdarlamalarda ózbek milliy muzıkası, klassikalıq namalar hám ustaz qosıqshılardıń professional atqarıwları kórsetilip, tamashagóylerge bay muzıkalıq miyras haqqında mağlıwmat beriledi. Sonıń menen birge, ózbek xalıq muzıkası, ayaq oyını kórkem óneri hám sazlı muzıka mekteplериniń ráhbárenligi, olar erisken jetiskenlikler hám jáhán mádeniyatındağı ornı haqqında mağlıwmatlar keń sáwlelendiriledi. Bul bolsa keń jámiyechiliktiń, ásirese jaslardıń muzıkalıq sawatlılığın arttırıwğa, olardı klassikalıq muzıka hám milliy qádiriyatlarğa húrmet ruwxında tárbiyalawğa úles qosıwda áhmiyetli esaplanadı.

Telekanal quramında birneshe redaksiyalar jumıs alıp baradı. «Telebağdarlamalardı támiyinlew redaksiyası» muzıkalıq klipler, konsertler, reklama hám kommersiyalıq kórsetiwlerdi tayarlaw hám efirge uzatıw jumısları menen shuğıllanadı. «Efirge tayarlaw redaksiyası» bolsa ózbek klassikalıq kórkem óneri, dástúriy qosıqshılıq hám estrada muzıkası haqqında telekórsetiwler tayarlaydı. Al «Efirge uzatıw redaksiyası» bolsa bağdarlamalardıń waqıtında efirge shığıwın qadağalap, efir setkasınıń durıs islewin támiyinleydi.

«Kinoteatr» telekanalı kino hám teatr kórkem ónerin úgit-násiyatlaw, milliy hám jáhán filmleriniń eń jaqsı úlgilerin tamashagóyler názerine usınıw hám jas áwladtı ulıwma insanıylıq qádiriyatlar ruwxında tárbiyalawda xalqımızğa xızmet etip kelmekte. Telekanal Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2013-jıl 14-noyabrdegi májilisi protokolı hám Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jıl 14-dekabrdegi PQ-2273-sanlı qararı tiykarında «Dunyo bo`ylab» telekanalı quramında shólkemlestirilgen. [3]

Búgingi kúnde dúnya boylap hár kúni kóplegen filmler jaratıladı. Biraq olardıń jumısınan kórkemlik jaqtan jetik, mazmunlı hám milliy qádiriyatlarğa sáykes keletuğının tańlap alıw oğada itibardı talap etedi. Mine sonıń ushın da «Kinoteatr» telekanalı tamashagóylerdiń talabın qanaatlandırıw maqsetinde shólkemlestirilgen bolıp, shańaraqlıq filmler, melodramalar, komediyalar, balalar ushın filmler, seriallar, sonday-aq, milliy hám jáhán kinosınıń eń saylandı úlgilerin turaqlı kórsetip baradı.

Telekanal milliy kino ónimlerin rawajlandırıw maqsetinde Ózbekkino Milliy agentligi hám elimizdegi jeke menshik kinostudiyalar menen tığız birge islesedi. Usı birge islesiw nátiyjesinde jańa ózbek filmleri turaqlı túrde telekanal arqalı kórsetilip kelinbekte. Mısalı, 2015–2016-jıllarda studiyalar tárepinen jaratılğan 100 ge jaqın kórkem film telekanal efirinde kórsetilgen.

Telekanal teatr kórkem ónerine de ayrıqsha itibar beredi. Mámleketimiz teatrlarında saxnalastırılğan spektakller kóshpeli televidenie stansiyası járdeminde jazıp alınıp, tamashagóylerge efir arqalı jetkiziledi. Bunnan tısqarı, telekanal sırt el kinostudiyaları menen de birge islesiw jolğa qoyılğan bolıp, shártnama tiykarında sırt el seriallarıń telekanal efirine tayarlap keledi. Sonıń menen birge, belgili aktyorlar, rejissyorlar hám kórkem óner

wákilleriniń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında da bağdarlamalar uzatıp baradı.

Telekanal quramında úsh tiykarğı redaksiya jumıs alıp baradı. «Telebağdarlamalardı támiyinlew» redaksiyası efirdi kino ónimler menen támiyinlew, reklama hám kommersiyalıq shártnamalar menen islesiw menen shuğıllanadı. «Efirge tayarlaw» redaksiyası bolsa milliy hám jáhán kinosınıń saylandı úlgilerin tańlap, telekórsetiwler tayarlaydı. «Efirge uzatıw» redaksiyası bolsa bağdarlamalardıń waqtında efirge shıǵıwın qadağalap, efir setkasınıń durıs islewin támiyinleydi.

Juwmaqlap aytqanda, kórkem óner hám mádeniyat tarawına qánigelsken telekanallar xalıqtı tez hám anıq mağlıwmat penen támiyinlep ğana qoymastan, mádeniyat, bilimlendiriw hám mádeniy miyras hám milliy qádiriyatlardı úgit-násiyatlawda úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

Zaman talapları tiykarında rawajlanıp atırğan bul telekanallar keleshekte de teleauditoriya ushın jańa hám qızıqlı tele bağdarlamalardı usınıp, kórkem óner jurnalistikanıń rawajlanıwına úlken úles qosıp bara beredi.

**Paydanılılğan ádebiyatlar**

1. English Oxford living dictionary//https:en.oxforddictionaries.com/ definition/art.
2. М.А. Мясникова «Телевидение как феномен культуры» Учебное пособие. 2017. С. 133.
3. «Jurnalistika hám ğalaba kommunikaciya tiykarları» Sabaqlıq. 2022. B. 330.
4. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń «Ózbekstan milliy teleradiokompaniyasınıń sanlı telekanalları sanın keńeytiw, olardan tolıq formatta paydalanıw, sapalı tolıqtırıw hám xızmet kórsetiw haqqında»ğı 2012-jıl 30-iyuldegi PQ-1794-sanlı qararı.
5. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2014-jıl 17-dekabrdegi «Máhálle» ağartıwshılıq teleradiokanalın shólkemlestiriw hám sanlı telekórsetiwlerdi bunnan bılay da keńeytiw ilajları haqqında»ğı PQ-2273-sanlı qararı.